Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 11 (6847) 20 март 2023 с. Итни ШагIбан 1444 с. Багъа - эркенаб

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Бакълъулал – «ДагАгроКаспий» форумалда

**Районалда гIезарурал нигIматазе лъикIаб къимат кьуна ДРялъул тIалъиялъ**

**Бакълъулазул районалъул вакилзабаз араб анкьаль гIахьаллъи гьабуна Каспийск шагьаралда тIобитIараб «ДагАгроКаспий» абураб форумалда. Муниципалитеталъул росдал магIишаталъул, экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьоблъабазул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасул бетIерлъиялда тадбиралда гIахьаллъарал бакълъулаз форумалда рихьизаруна районалда гIезарурал нигIматал.**





Инхдерил чIегIераб хурмаялъе, гьарадирил бакъвараб бакьалъе ва цогидал нигIматазе лъикIаб къимат кьуна форумалда гIахьаллъарав Дагъистаналъул ХIукуматалъул бетIер ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас. Регионалъул кабминалъул нухмалъулесе гьединго рокьана ИчичIалиса МухIамад Ханакаевас гьарурал пахьул гулгунал ва цогидал тIагIелал. Тадбир берцинго иналъе квербакъана бакълъулазул маданияталъул хIалтIухъабазги.

**«Гумбет» РИО**

ЭКОНОМИКА ЦЕБЕТIЕЙ

## Дагъистаналъул Минэкономикаялъул нухмалъулевгун дандчIвана Гъалип Гъалипов

**Дагъистаналъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр ХIажи Султановгун дандчIвана Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов. Муниципалитеталъул социалиябгун экономикияб рахь цебетIеялъул суалал рорхана гьез.**



«Бакълъул район буго жигарго программабалъ гIахьаллъи гьабулев муниципалитет. Туризм цебетIезеги рес буго районалда. Ругел ресал хIалтIизаризе шартIал чIезаризе хIаракат бахъизе ккола. Гьеб мурадалда налогал ракIарияльул хIасилал лъикIлъизариялде, социалиял бакIал раялде кIвар кьезе ккола», – ян абуна ХIажи Султановас.

Бакълъул районалде гьорлъе ккола 27 росу. Муниципалитеталъул площадь буго 676,2 кв км, гIадамазул гIаммаб къадар – 21,2 азарго чи. Экономика цебетIеялъул аслияб рахь ккола росдал магIишат. Муниципалитеталда гIезабураб гьан, роль ва цогидал нигIматал уна Россиялъул шагьаразде ричизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Лъайкьей, медицина, гIолилазул сиясат...

**Муниципалитеталъул бетIерасул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасул нухмалъиялда тIобитIана полиомиелиталде данде гIаммаб иммунитет чIезабиялъул, лъайкьеялъул рахъал церетIезариялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхараб данделъи.**

Гьенир гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз. Бакълъулазул Централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас баян гьабуна медицинаялъул рахъалъ тIуразе хIажатал суалазул ва полиомиелиталде данде вакцинация гьабиялъул хIалтIул хIасилазул.

Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевасул рагIабазда рекъон, Болъихъ районалда тIобитIараб «Брейн-ринг» гIакълияб къецалъулъ Игъали росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул командаялъе кIиабилеб бакI щвана.

**Макка МухIамадова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



«ГIагараб росу ва росдал цIваби»

- 2 - гьум.



ГIумарасхIаб-хIажи СултIановасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ турнир

- 2 гьум.



Бищун лъикI гьутIби кIуриялъул конкурс тIобитIана

- 2 гьум.



МикагIил ГIабдулатIипов – гьунар тIокIав гIолохъанав спортсмен

- 2 гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «ГIагараб росу ва росдал цIваби»

### Нуцалай СултIановалъул тIехьалъул презентация

**Дагъистаналъул Миллияб библиотекаялда тIобитIана Килалъа шагIир Нуцалай СултIановалъул «ГIагараб росу ва росдал цIваби» абураб тIехьалъул презентация. Тадбиралда гIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас.**

«Баркула Нуцалай ХIажиевна СултIановалда «ГIагараб росу ва росдал цIваби» абураб тIехь кьватIибе бачIин! Ахирал соназда чанго тIехь кьватIибе биччана гьелъул, гьез квербакъула маданият, адабият, рахьдал мацI цIуниялъе.

Бакълъул мухъалъул хъвадарухъабазул, шагIирзабазул лъикIал хIасилал рихьидал, кутакалда вохула дун. Нижеца





районалъул рагIул устарзабазул чанго творческиял тадбирал, презентацияи тIоритIана. РакI-ракIалъ гьарула Нуцалай ХIажиевналъе цIиял тIахьал, щулияб сахлъи ва кинабго лъикIабщинаб!»,– ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул магIарул секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу ТIубхIат Зургьалова, ДРялъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ПатIимат ГIабдураупова, ДРялъул руччабазул гIуцIиялъул предпринимателазул Ассоциациялъул нухмалъулей Шанисат ГIабдулаева, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулелъул заместитель ГIазра Исубилаева, «Орбит&Энергетиксалъул» коммерческияй директор Шамалай ГIабдулаева, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Зульгимар ТIагьибова, филологиял гIелмабазул доктор Разият АхIмадова, «Дагъистан» ГТРКялъул журналист Оксана Султанова, Килалъа гьунарчи ГIумар ХIандулаев ва цогидал.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул рахъалдасан Нуцалай СултIановалъе кьуна Баркалаялъул кагъат ва гIарцулаб сайгъат, ДРялъул руччабазул гIуцIиялъул рахъалдасан кIаз ва Баркалаялъул кагъат. Кизилюрталъул Шагьаралъулаб собраниялъул депутат МухIамад Загьидовас баркана СултIановалда презентация тIобитIи ва абуна килдерил сахаватчагIаз гьелъие ноутбуг сайгъат гьабизе бугин.

ШагIиралъ асарал хъвала магIарул ва лак мацIалда. ЦIалдохъабаз Нуцалай СултIановалъул кучIдул цIалана, бакълъулазул театралиябгун концертнияб кьокьаялъ художествиял церерахьинал гьаруна. ТIехьалъул авторалъ киназего баркала загьир гьабуна гьей кIодо гьаюралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# ГIумарасхIаб-хIажи СултIановасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ турнир

**Дагъистаналъул тахшагьаралда диния гIалимчи ГIумарасхIаб-хIажи СултIановасул хIурматалда мини-футболалъул рахъалъ турнир тIобитIана килдерица. Тадбиралъул гIахьалчагIаздехун ва гьалбадеридехун саламалъулаб кIалъай гьабуна**




**бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас, ЦIиябчортахъ росдал имам Къурбандибир ГIумарасхIабовас ва цогидаз.**

Турниралда гIахьаллъана «АхIмад-хIажи ТIагьаевасул цIаралда бугеб мадраса», «ХIалтIе, вацал», «Баракатаб жамагIат», «МутагIилзаби», «Торпедо», «Килалъ-Чортахъ», «Къиндаб-Сити», «Баракат», «Интер», «Эйс», «Мапия» командаби.

Къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI щвана «Баракат» командаялъе, кIиабилеб – «Мапия» командаялъе, лъабабилеб – «АхIмад-хIажи ТIагьаевасул цIаралда бугеб мадраса» командаялъе. Бергьараб ва призовиял бакIал ккурал командабазе, бищун лъикI хIаразе кубокал, грамотаби, тIахьал ва цогидал кьиматал сайгъатал кьуна. Командабазе шапакъатал кьуна районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, сахаватчагIи МухIамад Загьидовас, БатIал БатIаловас ва цогидаз.

Гьобол хIисабалда турниралда гIахьаллъарав диния гIалимчи ГIумарасхIаб-хIажи Султановас вагIза гьабуна ва тадбир гIуцIаразе баркала кьуна. СултIанов вукIана Бакълъул районалъул имамлъун, гьабсагIаталда хIалтIулев вуго Дагъистаналъул Муфтияталъул фетвабазул отделалда.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Бищун лъикI гъутIби кIуриялъул конкурс тIобитIана

### Игьалиса МухIамад МухIамадов бергьана

**Араб анкьалъ Игьали росулъ тIобитIана «Бищун лъикI гъутIби кIурулев» абураб къец. Ахихъабазул конкурс рагьиялъулъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Минсельхозпродалъул вакил Пайзула Пайзулаевас, Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул, экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьоблъабазул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас, «Россельхозбанк» АОялъул Дагъистаналда бугеб филиалалъул нухмалъулев Намик ГIабдулаевас ва цогидаз.**




ЧIахIиязда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана МухIамад МухIамадовасе (Игьали), кIиабилеб – МухIамад Сулеймановасе (Игьали), лъабабилеб бакI ккуна ХIамзат Жамалудиновас (Игьали). Бергьарав МухIамад МухIамадовас район бихьизабизе буго конкурсалъул республикаялъулаб бутIаялда. Гьесие бензопила кьуна къецалъул аслияв спонсор, «Автомир» тукадул директор МухIамадгIали МусахIажиевасул рахъалдасан.

КIиабилеб бакI босарав ахихъанасе кьуна гъутIбузде дару ва гь. ц. речIчIизабулеб алат, лъабабилеб бакI щварасе кьуна кверзугъоко. ДРялда бугеб «Россельхозбанк» АОялъул рахъалдасан конкурсалъул бищун гьитIинав гIахьалчи, 8 сон барав Рамазан Абакаровасе ХIурматалъул грамота ва сайгъаталги кьуна.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# МикагIил ГIабдулатIипов – гьунар тIокIав гIолохъанав спортсмен

### Калининградалда тIоритIарал къецазулъ бергьана

**Эркенаб гугариялъул рахъалъ Андрей Шумилинил Кубакалъе гIоло тIоритIарал къецазулъ бергьенлъи босана Бакълъул районалдаса МикагIил ГIабдулатIиповас. Къецал тIоритIун рукIана гIолилал спортсменазда гьоркьор Калининград шагьаралда.**

25 регионалдаса, Белоруссиялдаса, Абхазиялдаса 120 спортсменас.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана МикагIилида бергьенлъи щвей, гьарана гьесие щулияб сахлъи ва нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби. ГIабдулатIипов МикагIил




Финалалда ГIабдулатIипов дандчIвана Хъирималъул (Крым) вакил Рустам Жилясовгун ва бажарана гьесда тIад бергьенлъи босизе. Бакълъулазул гIолохъанав спортсмен цеве вахъуна 61 кг цIвезегIан бугеб цIайиялда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Россиялъул МухIамадовичас лъугIизабуна школа ва Хасавюрталда бугеб Олимпиялъулаб резервалъулаб училище, ДГПУялъул физкультураялъул факультеталъул студентги ккола гьев. Гьесул эмен вуго ТIад Инхоса, эбел – ЧIикь росулъа.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъоркь Инхо: волейболалъул къецал



**Бакълъулазул мухъалъул Гъоркь Инхо росулъ «ДЮСШ Чирката» МКОУ ДОДалъул группабазда гьоркьоб волейболалъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIобитIараб къец гIуцIун букIана. Тадбир тIобитIана ДЮСШялъул ва районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул хIаракаталдалъун.**

Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна ЧIиркатIа, Игьали ва Гъоркь Инхо росабалъа гьитIинал спортсменаз. ТIоцебесеб бакI щвана игьелдерил командаялъе, кIиабилеб бакI босана Гъоркь Инхо росдал командаялъ, лъабабилелъе мустахIикълъана чIиркъдерил спортсменал.

Бергьаразе ва къиматал бакIал щваразе медалал, грамотаби кьуна. Бергьараб командаялъе гьединго Кубокги щвана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# СВОялъул гIахьалчи МухIамад Жаватхановас гьабураб кумекалъухъ районцоязе баркала кьуна



**Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Жуковасул цIаралда бугеб медалалъе ва цогидал шапакъатазе мустахIикълъарав Бакълъул районалъул Тантари росулъа МухIамад Жаватхановас баркала загьир гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасе ва цогидал фронталъе кумек гьабуразе.**

Гьесул баркалаялъулаб кагътида гьадин хъван буго: «СВОялъул гIахьалчи МухIамад Жаватхановас ва гьеседа цадахъ рагъулаб борч борхулел цогидал рагъухъабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасе, журналист ХIамзат ГIизудиновасе ва цогидал кумек гьабиялъул гIахьаллъарал ракьцоязе.

Гьеб кумек буго кутакалда кIвар цIикIкIараб иш, бергьенлъи гIагар гьабиялъулъ нужеца лъола буго къиматаб бутIа. Баркала буго киназего чидае кумек гьабизе бугеб гьираялъухъ, гьабураб тIалаб-агъазалъухъ. ЦIакъ рохарал руго кидаго кумек гьабизе хIадурал ракьцоял рукIиналдаса. Аллагьас цIунаги нуж!».

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ЦIаналъ росдал маданияталъул вакил рагъухъабазул улбухъе щвана

**СВОялъул гIахьалчагIазул тIалабал тIуралел руго**

**Бакълъулазул районалъул ЦIаналъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев ГIалиасхIаб ПатахIов гьоболлъухъ щвана Украинаялда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул улбухъе.**

ЦIаналъа ПатIимат МухIамадова ккола анцIго лъимадул эбел. Гьелъул кIиго вас ХIусен МухIамадов ва, УхIума МухIамадов руго ВатIан цIунулезул кьерда. Гьебго росулъа Хайрулбарият АбулхIасановалъ гьединго гIезаруна анцIго лъимер. Гьелъул васал ХIусен АбулхIасановас ва ГIумарасхIаб АбулхIасановас рагъулаб борч борхулеб буго Украина неофашизмалдаса эркен гьабизе мурадалда тIобитIараб спецоперациялда.



Гьединго ГIалиасхIаб ПатахIов дандчIвана СВОялъул гIахьалчи ГIабас МухIамадовасул эбел ПатIимат МухIамадовагун. Маданияталъул хIалтIухъанас рагъухъабазул улбузда цIехрех гьабуна тIуразе хIажатал суалал ругодаян, гьарана гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва бергьенлъигун васал тIадруссин.

**Макка МухIамадова**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Туберкулёз: симптомы, причины, лечение

**Что такое туберкулез?**

Туберкулез – инфекционное заболевание, вызываемое различными видами микобактерий – Mycobacterium tuberculosis (палочка Коха). Поражает туберкулез, в основном, органы дыхания. Встречаются и внелегочные формы туберкулеза поражающие – суставы, почки, лимфатическую систему, органы зрения, органы брюшной полости, нервную систему.

**Как заражаются туберкулезом?**

- от больного человека воздушно-капельным путем – микобактерии выделяются при кашле, чихании, разговоре.

- еще один путь заражения контактно-бытовой путь, при котором заражение происходит, при соприкосновении с вещами больного, посудой и др. предметами содержащими возбудитель туберкулеза.

- пищевой путь передачи, заражение происходит при приеме в пищу молочных продуктов от больной коровы, не прошедших термическую обработку.

**Симптомы туберкулеза:**

• кашель: сначала сухой, затем присоединяется мокрота, которая становится гнойной, иногда с прожилками крови

• кровохарканье, в поздних стадиях (не всегда)

• незначительное повышение температуры тела (субфебрильная температура)

• боль в груди, усиливающаяся при дыхании

• потеря аппетита, снижение веса

• слабость, потливость

• ухудшение общего самочувствия

**Диагностика туберкулеза у детей:**

Для диагностики туберкулеза у детей большую ценность представляет туберкулиновая проба (реакция Манту), которая является основным методом выявления туберкулеза у детей младше 14 лет. Данный метод считается наиболее безопасным.

Проба Манту – внутрикожное введение туберкулина – суть метода заключается в том, что при инфицировании микобактериями туберкулеза в результате заражения, в месте введения туберкулина возникает воспалительная реакция, свидетельствующая о наличии антител к микобактерии туберкулеза.

**Кому необходимо проводить пробу Манту:**

- здоровым детям, привитым БЦЖ, - 1 раз в год независимо от результата предыдущих проб.

- 1 раз в год всем подросткам в возрасте до 18 лет, независимо от результата предыдущих проб.

- детям из групп риска (не привитые, страдающие сахарным диабетом, язвенной болезнью, заболеваниями крови, системными заболеваниями, получающие гормональную терапию больше 1 месяца, ВИЧ-инфицированные, часто болеющие, страдающие хроническими заболеваниями почек и органов дыхания) - 2 раза в год до получения ребенком прививки БЦЖ-М вакциной.

**Профилактика туберкулеза:**

Основным способом профилактики туберкулеза у детей является прививка БЦЖ. БЦЖ – это вакцина, которая защищает ребенка от туберкулеза.

В соответствии с Национальным календарем профилактических прививок вакцинацию от туберкулеза проводят в роддоме (при отсутствии противопоказаний) в первые 3-7 дней жизни ребенка. Если ребенок не привит до 6-месячного возраста, то в 6 месяцев необходимо ему провести туберкулиновую пробу Манту.

Для поддержания приобретенного иммунитета повторные прививки проводятся в 7 и 14 лет.

Эпидемиологическая обстановка по туберкулезу в Ботлихском районе остается благополучной. В 2018г. зарегистрировано 10 случаев впервые выявленного активного туберкулеза, показатель заболеваемости на 100 тысяч населения составил 17,47, против 16 случаев (ИП 27,96) за аналогичный период 2017г., и против 16 случаев (ИП 27,96) за 2016г., отмечается снижение уровня заболеваемости по сравнению с 2017г. в 1,60 раз, и снижение в сравнении с 2016г. в 1,60 раз.

**Х. М. Джамалдинова,**
**главный врач**
**ФБУЗ «ЦГ и Э» в РД**
**в Ботлихском районе»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# В Гумбете проходит ОПМ «Нелегальный мигрант»

**В период с 15 по 24 марта 2023 г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие под названием «Нелегальный мигрант».**

Целью мероприятия является профилактика, выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства, пресечение незаконной миграции, а также предотвращение преступлений террористического и экстремистского характера со стороны иностранных граждан и лиц без гражданства.

В связи с изложенным, отдел МВД России по Гумбетовскому району убедительно просит жителей района обо всех известных им случаях использования в трудовой деятельности услуг иностранных работников, а также необоснованного (незаконного) нахождения на территории Гумбетовского района иностранных граждан, подозрительных лиц, сообщать по телефону: 8 (8722) 99-69-12 или 8 999 418-85-10 - сообщает ОМВД России по Гумбетовскому району.

**М. А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России**
**по Гумбетовскому району,**
**полковник полиции**

ДОКУМЕНТЫ

**Приложение № 2**
**к постановлению территориальной избирательной комиссии**
**от 09 марта 2023 г. № 03-04/50**

# Информационное сообщение
# о приеме предложений по кандидатурам для назначения членами участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий)

**Руководствуясь статьями 26 и 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» территориальная избирательная комиссия Гумбетовского района объявляет прием предложений по кандидатурам для назначения членами нижеследующих участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий), формируемых в 2023 году:**

| Номер участковой избирательной комиссии | Количество членов участковой избирательной комиссии |
|---|---|
| 0274 | 7 |
| 0275 | 7 |
| 0276 | 5 |
| 0277 | 5 |
| 0278 | 5 |
| 0279 | 5 |
| 0280 | 5 |
| 0281 | 5 |
| 0282 | 7 |
| 0283 | 5 |
| 0284 | 9 |
| 0285 | 5 |
| 0286 | 5 |
| 0287 | 5 |
| 0288 | 5 |
| 0289 | 5 |
| 0290 | 5 |
| 0291 | 5 |
| 0292 | 5 |
| 0293 | 5 |
| 0294 | 5 |
| 0295 | 5 |
| 0296 | 9 |
| 0297 | 7 |
| 0298 | 5 |
| 0299 | 5 |
| 0300 | 5 |
| 0301 | 5 |

В соответствии с требованиями статей 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» и статьями 4, 27 Закона Республики Дагестан «Об избирательных комиссиях в Республике Дагестан» участковые избирательные комиссии формируются территориальной избирательной комиссией на основе предложений:

– политических партий, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в Государственной Думе Федерального Собрания Российской Федерации, Народном Собрании Республики Дагестан, других политических партий и иных общественных объединений;

– избирательных объединений, выдвинувших списки кандидатов, допущенные к распределению депутатских мандатов в представительном органе соответствующего муниципального образования;

– собраний избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы;

– представительных органов соответствующих муниципальных образований.

При внесении предложений в состав участковой избирательной комиссии должны быть представлены следующие документы:

политическими партиями, их региональными отделениями и иными структурными подразделениями – решение полномочного (руководящего или иного) органа политической партии либо регионального отделения, иного структурного подразделения политической партии о внесении предложения о кандидатурах в составы соответствующих участковых избирательных комиссий, оформленное в соответствии с требованиями устава политической партии;

иными общественными объединениями – нотариально удостоверенная или заверенная уполномоченным на то органом общественного объединения копия действующего устава общественного объединения, а также решение полномочного (руководящего или иного) органа общественного объединения о внесении предложения о кандидатурах в состав избирательных комиссий, либо решение полномочного органа регионального отделения, иного структурного подразделения общественного объединения, наделенного в соответствии с уставом общественного объединения правом принимать такое решение;

иными субъектами права внесения кандидатур – соответственно решение представительного органа муниципального образования, решение собрания избирателей по месту жительства, работы, службы, учебы.

Кроме того, субъектами права внесения кандидатур должны быть представлены:

– две фотографии лица, предлагаемого в состав участковой избирательной комиссии, размером 3 х 4 см (без уголка);

– письменное согласие гражданина Российской Федерации на его назначение в состав избирательной комиссии (по установленной форме);

– копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина Российской Федерации, содержащего сведения о гражданстве и месте жительства лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии;

– копия документа (трудовой книжки либо справки с основного места работы) лица, кандидатура которого предложена в состав избирательной комиссии, подтверждающего сведения об основном месте работы или службы, занимаемой должности, а при отсутствии основного места работы или службы – копия документа, подтверждающего сведения о роде занятий, то есть о деятельности, приносящей ему доход, или о статусе неработающего лица (пенсионер, безработный, учащийся (с указанием наименования учебного заведения), домохозяйка, временно неработающий).

Прием документов осуществляется в период с 20 марта по 18 апреля 2023 года по адресу: Гумбетовский район, с.Мехельта, ул. Имама Шамиля 8.

При внесении предложений и оформлении документов по кандидатурам для назначения в состав участковых избирательных комиссий (в резерв составов участковых комиссий) следует руководствоваться статьями 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Методическими рекомендациями о порядке формирования территориальных избирательных комиссий, избирательных комиссий муниципальных образований, окружных и участковых избирательных комиссий, утверждёнными постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 17 февраля 2010 года №192/1337-5, а также Порядком формирования резерва составов участковых комиссий и назначения нового члена участковой комиссии из резерва составов участковых комиссий, утвержденным постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 5 декабря 2012 года №152/1137-6 (размещены в разделе «Формирование участковых избирательных комиссий» на официальном сайте Избирательной комиссии Республики Дагестан в сети «Интернет»).

В состав участковых избирательных комиссий не зачисляются лица, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Заседание территориальной избирательной комиссии по формированию участковых избирательных комиссий будет проведено в июне 2023 года.

**Председатель комиссии**
**М. С. Мухидинов**

**Секретарь комиссии**
**М. А. Зубайиров**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.